

Gid sa a disponib tou nan fòm a odyo nan lang angle ak nan lang ki endike anba la yo.

Arabic
للحصول على نسخة من هذا الدليل باللغة الإنجليزية اتصل بـ 311 (معوقى السمع: 212-504-4115) أو قم بزيارة NYC.gov/readyny

Bengali
এই সহায়িকার একটি বাংলা প্রতিলিপি পেতে হলে, 311 (TTY: 212-504-4115) নম্বরে ফোন করুন অথবা NYC.gov/readyny দেখুন।

Chinese
如欲索取中文版的指南，請致電311 (TTY: 212-504-4115) 或訪問NYC.gov/readyny。

English
Call 311 or visit NYC.gov/readyny for copies of this guide in English.

French
Pour obtenir une copie en français de ce guide, appelez le 311 (TTY: 212-504-4115) ou visitez le site NYC.gov/readyny.

Haitian Creole
Pou jwenn yon kopi gid sa a nan lang Kreyòl Ayisyen, rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa ale nan sitwèb NYC.gov/readyny.

Italian
Per ottenere una copia di questa guida in italiano, telefonare al numero 311 (TTY: 212-504-4115) o visitare il sito NYC.gov/readyny.

Korean
본 안내서의 한국어 사본을 받으시려면, 311 (TTY: 212-504-4115)로 전화하시거나 NYC.gov/readyny를 방문하십시오.

Polish
W celu otrzymania polskiej kopii niniejszego przewodnika, należy zadzwonić pod nr 311 (nr dla osób z upośledzeniem słuchu: 212-504-4115) lub zajrzeć na stronę internetową NYC.gov/readyny.

Russian
Для того чтобы получить данную брошюру на русском языке, позвоните по телефону 311 (TTY: 212-504-4115) или посетите веб-сайт NYC.gov/readyny.

Spanish
Llame al 311 (TTY: 212-504-4115) o visite NYC.gov/readyny para obtener acceso a este folleto en español.

Urdu
اس ہدایت نامے کی انگریزی کاپی حاصل کریں، 311 (TTY: 212-504-4115) پر کال کریں یا NYC.gov/readyny دیکھیں۔

Yiddish
צו ערהאלטן א אידישע קאפיע פון דעם וועגווייזער, רופט 311 (TTY: 212-504-4115) אדער באזוכט NYC.gov/readyny.

NEW YORK TOUJOU PARE

SIKLÒN AK VIL NEW YORK



NYC
Emergency Management
Majistra Bill de Blasio
Manm Komisyon Joseph J. Esposito



DÈNYE TANPÈT KOTYÈ IRENE AK SANDY MONTRE GWO DOMAJ AK DEGA OURAGAN YO KAPAB FÈ NAN VIL NEW YORK.

FÈ YON PLAN ANVAN YON TANPÈT RIVE POU EDE OU PWOTEJE FANMI OU AK KAY OU. APRANN FASON OU KAPAB PREPARE OU.

ELEMAN DEBAZ SIKLÒN

TÈM OU TA DWE KONNEN

Sezon Siklòn
1ye jen jiska 30 novanm (Sou plan istorik, pi gwo posiblite pou gen siklòn nan Vil New York se ant mwa out ak mwa oktòb).

Siklòn Twopikal
Yon sistèm tan nyaj ak loraj ki òganize, ki nan wotasyon, ki gen presyon epi ki devlope nan twopik yo.

Tanpèt Twopikal
Yon siklòn twopikal ki gen van pwolonje k ap soufle a 39-73 mph.

Siklòn
Yon siklòn twopikal ki gen van pwolonje k ap soufle a 74 mph oswa pi plis.

Siveyans Ouragan
Yon anons ki endike kondisyon ouragan posib nan yon zòn yo prezize. Yo pibliye siveyans yo 48 èdtan anvan yo prevwa ap gen van ki gen fòs onn twopikal.

Avètisman pou Ouragan
Yon anons ki endike yo prevwa kondisyon pou gen ouragan nan yon zòn yo prezize. Yo bay avètisman an 36 èdtan anvan yo prevwa ap gen van ki

gen fòs tanpèt twopikal, epi avètisman an kapab rete anvigè lè dlo ak onn ki wo yon fason danjere ap kontinye.

KONNEN DANJE YO

Onn Tanpèt
Onn tanpèt reprezante pi gwo kantite moun ki mouri. Se yon mòn dlo lanmè van siklòn k ap vini yo pouse sou rivaj la. Yon gwo siklòn kapab pouse plis pase 30 pye onn tanpèt (wotè yon bilding ki gen twa etaj) nan kèk pati Vil New York, epi onn tanpèt la kapab deplase sou yon distans plizyè mil sou andedan. Onn tanpèt ak gwo vag lanmè k ap frape kapab menase lavi ou, detwi bilding, wonje plaj ak din yo, epi domaje wout ak pon yo.

Van
Avèk van pwolonje 74 mph oswa pi plis, ouragan yo ka domaje bilding yo, kouche pyebwa yo, epi fè objè lach yo tounen pwobjektil ki ka touye moun.

Lapli
Gwo lapli siklòn yo kapab lakòz inondasyon toudenkou. Zòn drenaj ki ba ak nan move kondisyon yo se zòn ki sitou frajil nan inondasyon.

KATEGORI TANPÈT

Yo klase ouragan yo an senk (5) kategori (1 jiska 5) dapre vitès van regilye. Lè vitès van an ak fòs yon tanpèt ap ogmante, chif kategori a ap ogmante tou.

RESOUS

Sof si gen lòt endikasyon, rele 311 (212-639-9675 pou Sistèm Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115) oswa ale nan sitwèb NYC.gov pou kontakte ajans Minisipalite Vil la.

NYC Emergency Management
NYC.gov/emergencymanagement

Know Your Zone
NYC.gov/knowyourzone

Notify NYC
Enskri pou resevwa avi pou ijans yo. Pou fè sa, ale sou sitwèb NYC.gov/notifynyc, rele 311, oswa swiv @NotifyNYC sou Twitter

Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (National Flood Insurance Program)
www.floodsmart.gov
1-888-379-9531

Sant Nasyonal pou Siklòn/Sant Previzyon Twopikal (National Hurricane Center/Tropical Prediction Center)
www.nhc.noaa.gov

Sèvis Nasyonal Metewoloji (National Weather Service)
www.weather.gov

NYC Emergency Management sou Facebook ak Twitter
www.facebook.com/NYCEmergencymanagement
@nycoem

Biwo Majistra Vil New York pou Moun Andikape (NYC Mayor's Office for People With Disabilities)
NYC.gov/mopd

Minisipalite Vil New York sou Facebook ak Twitter
www.facebook.com/nycgov
@nycgov

Con Edison
1-800-75-CONED, (800-752-6633), (TTY: 800-642-2308)
www.coned.com

PSEG LI
1-800-490-0025, (TTY: 631-755-6660)
www.psegliny.com

National Grid
718-643-4050, (TTY: 718-237-2857)
www.nationalgridus.com

2015 Edition: Haitian Creole

ZÒN DEPLASMAN POU SIKLÒN NAN VIL NEW YORK

SANT DEPLASMAN VIL NEW YORK

BRONX

BX COMM COLLEGE 80 W. 181ST ST.	IS 201 730 BRYANT AVE.	PS 102 1827 ARCHER ST.
EVANDER CHILDS HS 800 E. GUN HILL RD.	LEHMAN COLLEGE 250 BEDFORD PARK BLVD. W	PS 211 1919 PROSPECT AVE.
HS OF LAW, GOV'T AND JUSTICE 244 EAST 163RD ST.	MS-HS 141 660 W. 237TH ST.	PS 306 40 W. TREMONT AVE.
IS 98 1619 BOSTON RD.	PS 5 564 JACKSON AVE.	PS / IS 218 1220 GERARD AVE.

MANHATTAN

BARUCH COLLEGE 155 E. 24TH ST.	HS OF GRAPHIC COMM 439 W. 49TH ST.	JOHN JAY COLLEGE 445 W. 59TH ST.
LOUIS D. BRANDEIS HS 145 W. 84TH ST.	HUNTER COLLEGE 695 PARK AVE.	JULIA RICHMOND ED. COMPLEX 317 EAST 67TH ST.
BREAD AND ROSES HS 6 EDGEcombe AVE.	IS 88 215 W. 114TH ST.	SEWARD PARK HS 350 GRAND ST.
CITY COLLEGE 181 CONVENT AVE.	IS 90 21 JUMEL PLACE	
G. WASHINGTON HS 549 AUDUBON AVE.	IS 118 154 W. 93RD ST.	

QUEENS

JOHN ADAMS HS 101-01 ROCKAWAY BLVD.	GROVER CLEVELAND HS 21-27 HIMROD ST.	TOWNSEND HARRIS HS 149-11 MELBOURNE AVE.
AVIATION HS 45-30 36TH ST.	HILLCREST HS 160-05 HIGHLAND AVE.	QUEENSBOROUGH COMMUNITY COLLEGE 222-05 56TH AVE.
BAYSIDE HS 32-24 CORP. KENNEDY ST.	JHS 185 147-26 25TH DR.	WILLIAM C. BRYANT HS 48-10 31ST AVE.
BELMONT RACETRACK 2150 HEMPSTEAD TPKE.	NEWCOMERS HS 28-01 41ST AVE.	PS / IS 268 92-07 175TH ST.
FLUSHING HS 35-01 UNION ST.	NEWTOWN HS 48-01 90TH ST.	
FOREST HILLS HS 67-01 110TH ST.	PS 19 98-02 ROOSEVELT AVE.	

BROOKLYN

BOYS & GIRLS HS 1700 FULTON ST.	IS 24 427 38TH STREET.	JOHN JAY HS 237 7TH AVE.
BROOKLYN TECH HS 29 FORT GREENE PLACE	IS 187 1171 65TH ST.	NYC TECHNICAL COLLEGE 300 JAY ST.
BUSHWICK HS 400 IRVING AVE.	IS 246 72 VERONICA PLACE	PS 189 1100 E. NEW YORK AVE.
CLARA BARTON HS 901 CLASSON AVE.	IS 271 1137 HERKIMER ST.	PS 249 18 MARLBOROUGH RD.
FRANKLIN K. LANE HS 999 JAMAICA AVE.	IS 383 1300 GREENE AVE.	PS 327 111 BRISTOL ST.
IS 117 300 WILLOUGHBY AVE.	JHS 57 125 STUYVESANT AVE.	ROOSEVELT HS 5800 20TH AVE.

STATEN ISLAND

CURTIS HS 105 HAMILTON AVE.	IS 75 455 HUGUENOT AVE.	PS 58 77 MARSH AVE.
IS 51 20 HOUSTON ST.	PETRIDES COMPLEX 715 OCEAN TERRACE	

ALE SOU SITWÈB NYC.GOV/HURRICANEZONES OSWA RELE **311** POU KONNEN SI W AP VIV NAN YON ZÒN POU DEPLASE SI GEN OURAGAN.

KONNEN ZÒN OU*

- Chèche konnen si ou abite nan yon zòn deplasman. Pou fè sa, itilize Lokalizatè Zòn Deplasman pou Siklòn nan www.NYC.gov/hurricanezones, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo oswa TTY: 212-504-4115), oswa al gade nan kat jeyografik sa a. Si adrès ou tonbe nan youn nan zòn deplasman siklòn Vil la, ou ka resevwa lòd pou deplase si yon ouragan menase Vil New York.

- Moun ki deplase yo ta dwe prepare yo pou rete avèk zanmi oswa fanmi k ap viv deyò limit zòn deplasman an.

- Si ou pa kapab rete avèk zanmi oswa fanmi ou, itilize Lokalizatè a, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo oswa TTY: 212-504-4115), oswa itilize kat jeyografik sa a pou idantifye ki sant evakyasyon ki pi apwopriye pou ou.

* Enfòmasyon sou deplasman an ka chanje. Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou sitwèb www.NYC.gov, oswa rele 311 (TTY: 212-504-4115). Ale sou Entènèt nan sitwèb MTA nan www.mta.info, oswa rele 511 pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou sèvis transpò. Si ou bezwen èd pou deplase pandan yon ijans, tanpri rele 311.

ZÒN DEPLASMAN POU SIKLÒN**

Lè yon tanpèt kotyè ap pwoche, Minsipalite Vil la ka bay lòd pou deplasman katye ki an danje inondasyon nan onn tanpèt la, ki kòmanse avèk Zòn 1 epi ki ajoute plis zòn jan li nesese. Deplasman zòn yo ap fèt selon menas pou sekirite moun yo nan fòs, trajektwa ak onn tanpèt ki nan previzyon yon ouragan.



● Sant deplasman yo

Ⓢ Sant kote ou ka ale apre ou deplase vit

** Enfòmasyon sou sant kote pou ale yo, tankou fonksyon aksesibilite yo, ka chanje. Tanpri ale sou sitwèb NYC.gov/hurricanezones oswa kontakte 311 pou jwenn dènye rapò sou kondisyon bilding nan ak fonksyon aksesibilite yo.

